

LATIHAN SOAL BAHASA SUNDA KELAS VII SEMESTER GENAP

NAMA	
KELAS	

A. PILIHLAH JAWABAN YANG PALING TEPAT!

Pék baca teks dihandap!

Taneuh

.....

Taneuh anu hantem-hanteman dipaké lahan tatanén ahirna mah tingkat kasuburanana bakal ngurangan. Sangkan bisa subur deui kawas saasal, carana kudu digemuk (dibérak), boh ku bahan alami boh ku bahan kimia.

Loba pisan manusa anu ngandelkeun kahirupan tina molah taneuh. Cing sebutkeun, ari anu ngandelkeun sumber kahirupan tina ngolah taneuh, naon ngaranna?

Ih, geuning saréréa gé nyaho. Enya, anu kitu téh disebutna patani. Gedé pisan jasa patani pikeun kahirupan balaréa téh. Mun taya patani, nya saha atuh anu melak jeung miara tatangkalan anu hasilna jadi bahan kadaharan?

Lahan anu pinuh ku tatangkalan galedé disebutna leuweung. Fungsi taneuh di leuweung téh pikeun neundeun cai. Éta pangna lamun tatangkalan di leuweung dituaran bisa nyababkeun bahaya gé. Dina keur usum hujan ngalantarankeun caah jeung urug. Sabalikna, mun usum halodo, taya pisan cai sisimpenan, ngalantarankeun walungan jeung sumur saraat.

Kuring gé bisa dipaké bahan pikeun nyieun rupa-rupa barang. Bata jeung kenténg, upamana, apan éta téh bahanna tina taneuh. Lian ti éta, sok dipaké bahan nyieun pakakas jeung karajinan deuih, misalna gentong, kendi, pariuk, pot kembang, atawa céngcélengan. Anu nyieunan karajinan tina taneuh téh disebutna panjunan.

Dina jero taneuh aya mineral. Zat-zat anu dikandungna loba mangpaatna pikeun manusa. Aya minyak bumi, beusi, batubara, emas, inten, timah, aspal, jeung sajabana.

Lamun hayang manjang méré mangpaat pikeun kahirupan, kuring téh ku aranjeun kudu dipiara. Kahadé, ulah sangeunahna ngaruksak taneuh, upamana miceunan runtah kalawan teu maké aturan. Mana komo lamun anu dipiceun ku aranjeun téh runtah anu ngandung racun, atawa pelastik. Ari sababna, pelastik teu bisa diancurkeun ku taneuh.

.....

1. Naon pungsi taneuh di leuweung ?.....

- A. Pikeun nyieun rupa-rupa barang
- B. Pikeun neundeun cai

- C. Pikeun sumber kahirupan balarea
- D. Pikeun patani pepelakan

2. Zat-zat anu aya dina taneuh kandungana loba mangpaatna pikeun manusa *iwat*?...

- A. Mineral
- B. Batubara
- C. Emas
- D. Kimia

3. Pék baca teks dihandap!

Miara Tutuwuhan Hias

Tutuwuhan hias kaasup anu diandelkeun pikeun ningkatkeun kahirupan warga Dépok. Malah pikeun diékspor ogé lolongkrangna muka, sarta kauntunganana leuwih gedé. Ku kituna teu ngan ukur dipasarkeun di Dépok wungkul, atawa leuwih jauhna di Bandung, Jakarta, jeung Banten.

Éta pangna kiwari masarakat Dépok loba nu ngayakeun kagiatan usaha dina widang tutuwuhan hias, utamana mah miara ti mimiti binih tepi ka bisa dijual. Miara tutuwuhan hias teu salawasna kudu dina lahan anu lega. Di buruan ogé bisa dipigawé, nu penting mah boga kadaék jeung leukeun. Kitu deui modalna gé teu sabaraha gedé. Miara tutuwuhan hias bisa dipaké lahan usaha kulawarga.

Pikeun sabagian warga Dépok, utamana penduduk pituin, atawa anu matuhna geus puluhan taun, ngolah lahan téh sok dipaké sumber kahirupan. Apan sakitu puluh taun ka tukang mah, loba penduduk anu jadi patani atawa pangebon. Ayeuna langka sotéh, sanggeus lahan nu sok biasa dipaké tatanén geus loba salin jinis jadi perumahan, daérah industri atawa perdagangan, perkantoran, jeung réa-réa deui. Balukarna lahan tatanén kadi ngurangan.

Naon sabab na ayeuna warga Dépok geus teu loba nu ngagarap lahan tatanén?....

- | | |
|--|--------------------------------|
| A. Lahan nu sok dipaké tatanén geus loba salin jinis | C. Warga na teu boga ka daék |
| B. Warga na karedul | D. Warga na boga kagiatan lain |

4. Pék baca teks dihandap!

"Punten....."

Kitu nu sok remen diucapkeun ku urang Sunda mah. Teu awéwé, teu lalaki. Teu kolot, teu budak.

Rék ngaliwat ka hareupeun batur, tangtu bakal nyebut punten. Rék nyémah gé sarua sok nyebut punten. Mun urang jol-jol asup ka imah batur, bari teu nyebut punten, sok sanajan ka imah nu wawuh, éta téh dianggap cologog. Ari jalma cologog téh sarua jeung teu nyaho tatakrama.

Kumaha ari Dépok? Nya sarua, najan bisa jadi aya anu ngaganti kecap punten ku permisi. Ari maksudna éta-éta kénéh. Hartina punten atawa permisi téh ménta idin, sabab urang rék migawé hiji hal di tempat anu aya batur. Sajaba ti ngaliwat atawa nyémah, mun rék nginjeum barang batur atawa rék ménta dibantuan ogé apan sok nyebut punten atawa permisi. Kitu deui mun rék nyarita di...

"Punten, abdi badé wangsul ti payun."

"Punten, abdi badé nambut kompa sapéda."

Kacida teu hadéna lamun urang ngaliwat ka hareupeun batur, terus urang teu nyebut punten. Komo lamun urang ngaliwatna ka hareupeun jalma anu saluhureun. Upamana ujug-ujug ngaliwat wé. Boro-boro nyebut punten, da ieu mah teu manggut-manggut acan, atawa teu seuri-seuri acan. Jalma anu kitu peta sok disaruakeun jeung hayam. Ceuk batur téh, "Naha ngaliwat téh kawas hayam, mani teu punten-punten acan." Enya, apan ari hayam mah, kaasup sasatoan séjénna, iraha teuing nyebut punten mun ngaliwat. Da apan éta mah sato. Tangtu waé urang mah ulah hayang disaruakeun jeung sato.

Ari manusa mah boga tatakrama pikeun ngatur cara-cara anu kudu dipilampah ku urang sangkan jadi genah dina ngalakonan hubungan jeung papada manusa. Aya tatakrama dina nyarita, tatakrama dina ngagunakeun papakéan, tatakrama jeung tatangga, tatakrama nyémah, tatakrama di sakola, tatakrama di tempat gawé, jeung sajabana.

Ari tatakrama téh saenyana mah pikeun némbongkeun sikep silih hargaan atawa silih ajénan. Lamun urang ngajénan ka batur, tangtu batur ogé bakal ngajénan ka urang. Kacida salahna lamun batur ngajénan ka urang, tapi urang teu ngajénan ka batur. Ka jalma anu kitu peta tara aya nu hayangeun ngadeukeutan.

Jalma anu hadé tatakramana moal hésé dina campur gaul. Jeung sasaha teu weléh akur, da bisa ngajénan batur téa. Tah, jalma anu kitu téh kaasup anu hadé ahlakna. Kitu ceuk dina budaya Sunda

Wacana diluhur ka asup kana jenis wacana?.....

- A. Tatakrama
- B. Jatidiri
- C. Punten
- D. Jalma anu hade tatakrama

5. Naon ari depinisi tina Punten téh?.....

- A. Permissi
- B. Jalma anu hade tatakrama
- C. pikeun némbongkeun sikep silih hargaan
- D. pikeun ngatur cara-cara anu kudu dipilampah ku urang

6. Kumaha sikap nu kudu dijauhkeun tina pergaulan?.....

- A. Nyebutkeun punten
- B. Ngaliwat ka hareupeun batur, terus urang teu nyebut punten
- C. Manusa mah boga tatakrama pikeun ngatur cara-cara anu kudu dipilampah ku urang sangkan jadi genah dina ngalakonan hubungan jeung papada manusa
- D. Rék ngaliwat ka hareupeun batur, tangtu bakal nyebut punten.

7. Istilah geografi *jungkrang* nyaeta ?....

- A. Dataran tinggi
- B. Jurang
- C. Kebun
- D. Gunung

8. Istilah geografi na *tutugan* ngaran tempat anu ayana di sabudeuran gunung nyaeta ?....

- A. Kaki gunung
- B. Tebing
- C. Jurang
- D. Kawah

9. Cai anu ngalir ti hulu cai ka muara nyaeta?.....

- A. Tegalan
- B. Walungan
- C. Leuwi
- D. Situ

10. Eusi teks “*katumbiri*” diluhur nyaeta?...

- A. Mangrupakeun bagian tina proses alam
- B. Tarajé emas anu dipaké titincakan ku tujuh putri ti kahiang anu pikeun turun ka bumi
- C. Sang naga nuju turun ka bumi nginum
- D. Cai hujan anu turun ti langit


11. Maniatuh manéh mah, kawas enya nu loba kabisa wé

- A. Santun
- B. Agul
- C. Adab
- D. Nyopan

12. Bagian antara puncak dan kaki gunung adalah?....

- A. Geger
- B. Lamping
- C. Tutugan
- D. Padataran

13. Perhatikeun gambar dihandap!




Pilih gambar nu teu patalian....

- A. Gambar A
- B. Gambar B
- C. Gambar C
- D. Gambar D

14. Tengétan gambar di handap!

Mana gambar diluhur anu bahan na tina taneuh?.....

- A. Gambar A
- B. Gambar B
- C. Gambar C
- D. Gambar D



15. Saperangkat aturan anu aya dina masyarakat pikeun ngatur cara hirup dina kahirupan anu kudu dipilampah ku urang sangkan jadi genah dina ngalakonan hubungan jeung papada manusa, kalimat diluhur mangrupa istilah?.....

- | | |
|--------------|-----------------|
| A. Punten | C. Cologog |
| B. Tatakrama | D. Silih ajénan |

16. Kécap tina basa Sunda "*sauyunan*" hartina nyaeta?....

- | | |
|------------------|-----------------|
| A. Satu pendapat | C. Satu turunan |
| B. Saling iri | D. Barengan |

17. Kécap dasar tina *meuli*?.....

- | | | | |
|---------|----------|----------|--------|
| A. Euli | B. Beuli | C. Beeul | D. Uli |
|---------|----------|----------|--------|

18. Ahmad dititah **ngala** lauk keur ngirim ka kota.

Kalimah **ngala** ngagaduhan kécap dasar nyaeta?.....

- | | | | |
|---------|--------|----------|----------|
| A. Gala | B. Ala | C. Ngala | D. Alaan |
|---------|--------|----------|----------|

19. Pék baca teks dihandap!

Miara Tutuwuhan Hias

Tutuwuhan hias kaasup anu diandelkeun pikeun ningkatkeun kahirupan warga Dépok. Malah pikeun diékspor ogé lolongkrangna muka, sarta kauntunganana leuwih gedé. Ku kituna teu ngan ukur dipasarkeun di Dépok wungkul, atawa leuwih jauhna di Bandung, Jakarta, jeung Banten.

Éta pangna kiwari masarakat Dépok loba nu ngayakeun kagiatan usaha dina widang tutuwuhan hias, utamana mah miara ti mimiti binih tepi ka bisa dijual. Miara tutuwuhan hias teu salawasna kudu dina lahan anu lega. Di buruan ogé bisa dipigawé, nu penting mah boga kadaék jeung leukeun. Kitu deui modalna gé teu sabaraha gedé. Miara tutuwuhan hias bisa dipaké lahan usaha kulawarga.

Pikeun sabagian warga Dépok, utamana penduduk pituin, atawa anu matuhna geus puluhan taun, ngolah lahan téh sok dipaké sumber kahirupan. Apan sakitu puluh taun ka tukang mah, loba penduduk anu jadi patani atawa pangebon. Ayeuna langka sotéh, sanggeus lahan nu sok biasa dipaké tatanén geus loba salin jinis jadi perumahan, daérah industri atawa perdagangan, perkantoran, jeung réa-réa deui. Balukarna lahan tatanén kadi ngurangan.

Nya ku sabab beuki heureut, ayeuna mah lahan tatanén téh kudu enya- enya dina dimangpaatkeun, upamana waé dipaké miara tutuwuhan anu gedé hasilna. Salah sahiji di antarana, anu kiwari dipigawé téh melak tutuwuhan hias.

Tutuwuhan hias anu keur dipikaresep téh nyaéta nu kaasup kelompok aglaonema, rupana basajan, daunna rék jiga daun taleus. Anu kaasup kana kelompok ieu téh aya sababaraha rupa. Kitu deui kelir daunna teu kabéh héjo, da aya anu semu beureum.

Ieu tutuwuhan téh miarana gampang. Dipelak dina pot ogé bisa, terus diteundeun di jero imah. Biasana mah ari isuk-isuk sok dipoyankeun, sina kasebrot ku cahaya panonpoé. Mangpaatna téh teu ngan sakadar nambahan éndah rohangan, tapi deuih bisa dipaké meresihan hawa.

Mélak ieu tutuwuhan hias téh bisa ku cara ngarintahkeun anakna nu karék jadi. Pelakkeun dina taneuh anu riduh, bari ulah poho ngagemuk, sarta kudu getol nyébor. Mun keur anakna kénéh mah bisa dipelak dina pot leutik gé. Tapi mun geus ngagedéan mah kudu gancang dipindahkeun kana pot ukuran gedé, sangkan bisa mesat tumuwuhna.

Miara tutuwuhan hias téh teu ngan sawates jadi sumber ékonomi, tapi deuih bisa pikeun meresihan hawa, jeung ngeusian kagiatan masarakat ku anu mangpaat. Ku kituna aya sababaraha kauntungan anu bisa kapetik.

Pikeun ningkatkeun ajén aglaonema sangkan leuwih aralus, kiwari sok diayakeun kontés. Tangtu baé bakal aya anu jadi juarana. Ku kituna bakal kanyahoan, aglaonema anu kumaha anu dianggap alus sarta loba nu mikaresep téh. Ti dinya bisa ditangtukeun dina miarana, sangkan bisa ngahasilkeun tutuwuhan hias anu luhur ajénna, sarta bisa leuwih ngarojong ningkatna kahirupan ékonomi masarakat.

Naon sebabna loba nu mikaresepkana eta tutuwuhan?.....

- A. Miara tutuwuhan hias téh teu ngan sawates jadi sumber ékonomi
- B. Tutuwuhan hias kaasup anu diandelkeun pikeun ningkatkeun kahirupan warga Dépok.
- C. Miarana gampang
- D. Miara tutuwuhan hias teu salawasna kudu dina lahan anu lega.

20. Bakal kumaha lamun urang teu nyebut punten?....

- A. Jalma anu kitu disebatna cologog
- B. Jalma anu kitu peta sok disaruakeun jeung hayam.
- C. Dijauhan kujalma
- D. Teu dipikaresép ku batur

21. Ari maksudna disaruakeun jeung hayam téh naon?....
- | | |
|------------------------------|--------------------------|
| A. Hayam mah kaasup sasatoan | C. Teu boga jatidiri |
| B. Teu boga kasopanan | D. Hésé dina campur gaul |
22. Sikep jeung pamohalan nu *teu nuduhkeun* sopan santun nyaeta mangrupa istilah?.....
Sikap dan kelakuan yang tidak menunjukkan sopan santun yaitu berupa istilah?...
- | | |
|------------------|------------|
| A. Ngojok-ngojok | C. Ngumpat |
| B. Cologog | D. Jalir |
23. Pék geura salah saurang **nangtung** ditempat anu caang.
Kalimah **nangtung** ngagaduhan kécap dasar nyaeta?.....
- | | | | |
|-----------|-------------|-----------|------------|
| A. Untung | B. Tangtung | C. Antung | D. Kantung |
|-----------|-------------|-----------|------------|
24. Dasar budak....., asup ka imah batur ge jol-jol geblus we
Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|------------|-----------|------------|-----------|
| A. Cologog | B. Bohong | C. Adigung | D. Ngupat |
|------------|-----------|------------|-----------|
25. Ka sadayana,..... Abdi ngiring ngalangkung wengi-wengi
Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|------------|-----------|-------------|------------|
| A. Cologog | B. Puntén | C. Marahmay | D. Adigung |
|------------|-----------|-------------|------------|
26. Saha nu resep ka jalma....., awakna bau da langka mandi
Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|----------|-----------|------------|------------|
| A. Jorok | B. Daékan | C. Cologog | D. Ngumpat |
|----------|-----------|------------|------------|
27. Cek indug manéh, mun hayang sangu wuduk mah.....waé di dapur
Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|----------|-----------|----------|----------|
| A. Cokot | B. Nyokot | C. Kokod | D. Cocod |
|----------|-----------|----------|----------|
28. Héy barudak geura..... tong arulin bae, geu téréh magrib iyeu téh?...
- Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|------------|----------|------------|--------------|
| A. Ngampih | B. Ampih | C. Ampihan | D. Diampihan |
|------------|----------|------------|--------------|
29. Dasar jalma....., daék nulungan téh geuning hayang untung!...
- Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|---------------|---------------|------------|------------|
| A. Pangedulan | B. Pangarahan | C. Béréhan | D. Tawekal |
|---------------|---------------|------------|------------|
30. Lamun urang sok.....engkéna batur moal aya nu percaya.
Kécap anu merenah pikeun ngalengképan kalimah diluhur.
- | | | | |
|------------|----------|-----------|-----------------|
| A. Béréhan | B. Jalir | C. Daékan | D. nganaséhatan |
|------------|----------|-----------|-----------------|